

# VHANGERI RAJESU KRISTU





## VHANGERI RAJESU KRISTU CHII?

Vhangeri raJesu Kristu chirongwa chaBaba vedu Vokudenga che-rufaro ne**ruponeso**\* rwevana Vavo. Rinonzi vhangeri raJesu Kristu nokuti **Rudzikinuro** rwaJesu Kristu rwakakoshesesa kuchirongwa ichi. Maererano nechirongwa Chavo, Baba vedu Vokudenga vakatuma Mwanakomana Wavo, Jesu Kristu, panyika kuzotitaridza kuti tingararama sei upenyu hunoreva chinhu uye hune rufaro noku-zova nerufaro rwekusingaperi mushure meupenyu huno. Kuburiki-dza ne**nyasha** netsitsi dzaJesu Kristu, unokwanisa kuva wakachena kubva pachivi nokuva nerunyararo rwemuhana. Unokwanisa kuva wakakodzera kunogara pamberi paBaba Vokudenga mushure moupenyu huno.

Kutambira runyararo nesimba iri, unofanira kudzidza nokutevera misimbotti nezvisungo zvevhangeri. Musimbotti ichokwadi chinokwanisa kushandiswa muupenyu; **chisungo** chiiitwa chinoera, chiripamutemo chinoitwa nemvumo yehupirisita uye kazhinji inzira yokupinda nayo **muchibvumirano** naBaba vedu Vokudenga. Misimbotti yekutanga yevhangeri rutendo muna Jesu Kristu nerutendeuko. Zvisungo zvekutanga zvevhangeri zvinoti **rubhabhatidzo** nokutambira Mweya Mutsvene.

Mushure mokunge wadzidza nokutevera misimbotti nezvisungo zvokutanga zvevhangeri, unotsvaka kutevera muenzaniso waKristu nemuupenyu hwako hwese hwasara. Kute-ndeseka kunoenderera mberi uku kunonzi “kushingirira kusvika kumagumo.”

**U**nokwanisa  
kurarama vhangeri  
raJesu Kristu noku:

- Kudziridza rutendo muna Jesu Kristu.
- Kutendeuka.
- Kubhabhatidzwa nokutambira Mweya Mutsvene.
- Kushingirira kusvika kumagumo.

\*Manzwi ari muzvitsvuku anotsanangurwa pamapeji 18 ne19.

## RUTENDO MUNAJESU KRISTU

Rutendo chitendero chakasimba chinokurudzira munhu kuita zvinhu. Rutendo runotungamirira kururegerero rwezvivi rwakamiswa muna Jesu Kristu, uyo Rudzikinuro rwake runoita kuti ruregerero rukwanisike. Rutendo munaJesu Kristu runoreva zvakanwanda

kupfuura kungotenda maAri kusina zviito. Runoreva kutenda kuti Ndiye Mwana-komana waMwari uye kuti Akatamburira zvivi zvako, matambudziko, neutera hwako. Runoreva kuita zvinhu pamusoro pechitendero ichocho. Rutendo muna Jesu Kristu runokutungamirira kuMuda, kuvimba Naye, uye kuteerera kumirairo Yake.

*“Vimba naJehova  
nomwoyo wako wose;  
Urege kusendama  
panjere dzako.  
“Umutende panzira  
dzako dzose, Agorura-  
misa makwara ako ose.”*

**Zvirevo 3:5–6**

## RUTENDEUKO

Rutendo muna Jesu Kristu runokutungamirira kuti ude kushandura upenyu hwako

kuti huve nani. Apo paunodzidza vhangeri, unoziva kuti wakaita zvivi, kana kuti wakaita zvinhu zvisingaenderani nechido nedzidziso dzaMwari. Kuburikidza nerutendeuko, unoshandura pfungwa idzodzozo, zvido, tsika, nezviito zvisiri muruyanano nedzidziso dzaMwari. Vanovimbisa kuti apo unotendeuka, Vanozokuregerera zvivi zvako. Apo paunotendeuka uno:

**Ziva** kuti wakaita chivi uye wonzwa rusuwo rwechokwadi neizvo zvawakaita.


**Regera** kuita izvo zvisina kufanira, uye woedza nepaunokwanisa pose kusambofa wakazviita zvakare.

**Reurura** zvivi zvako kuna Ishe uye wokumbira ruregerero. Kuita kudaro kunorerutsa mutoro unorema. Kana wakatadzira mumwe munhu, unokumbirawo munhu iyeye ruregerero.

**Ita rudzorero.** Unoita zvose zvaunokwanisa kugadzirisa matambudziko angange akakonzerwa nezviito zvako.

*Rutendo muna Jesu Kristu ndiwo musimboli wekutanga wevhangeri.*





**Chengeta mirairo.** Kuteerera kumurairo waMwari kunounza simba revhangeri muupenyu hwako. Vhangeri rinozokupa simba rokusiya zvivi zvako. Kuchengeta mirairo kunosanganisira kupa rubatsiro, kuregerera vamwe, uye kupinda misangano yeChechi.

**Bvuma Muponesi.** Chikamu chinonyanya kukosha cherutendeuko ruzivo rwekuti ruregerero runouya nokuda kwaJesu Kristu. Dzimwe nguva ungange wakanzwa kuti Mwari havazoregerera zvivi zvakakomba.

As Muponesi akatambudzikira zvivi zvedu kuitira kuti zvigokundwa, kunyangwe izvo zvakakomba. Mubairo werutendeuko rwechokwadi ruregerero, runyararo, nyaradzo, nerufaro.

Rutendeuko harurevi nguva dzose kuita shanduro huru. Kazhinji runongoda tsidziro yakawedzerwa yokurarama maererano nechido chaMwari. Rutendeuko rwechokwadi haruitiki nokukurumidza nguva dzose; iva nemwoyo murefu apo paunodza nesimba rako rose kuita zvakafanira nokunatsa zvikanganiso zvaunoita. Apo paunotendeuka, unozonzwa kushanduka kwemwoyo. Unenge usisina chido chekuita chivi.

Unozosvika pakuziva kuti uri mwana waMwari uye kuti haufaniri kuramba uchiita zvikanganiso zvimwechetezvo zvakare nezvakare. Chido chako chokutevera Mwari chinozokura zvakasimba uye zvakadzama.

*T*ose tinoita zvikanganiso.  
Dzimwe nguva tinozvikuwadza  
uye tinokuwadza vamwe  
zvakanzwa nenzira  
dzokuti isu tega hatikwanisi  
kuzvigadzirisa. Tinopwanya  
zvinhu izvo zvatisingakwanise  
kugadzirisa isu toga.  
Zvino tinonzwa mhosva,  
kunyangwe, nokutambudzika,  
izvo zvatisingakwanise  
kuporesa isu toga. Simba  
rokuporesa reRudzikinuro  
rinokwanisa kugadzirisa izvo  
zvatisingakwanisi kugadzirisa.

## RUBHABHATIDZO NEMWEYA MUTSVENE

Rutendo muna Jesu Kristu nerutendeuko zvinokugadzirira kurubhabhatidzo nokutambira Mweya Mutsvene. Jesu Kristu akadzidzisa kuti munhu wese anofanira kubhabhatidzwa nemvura neMweya (Mweya Mutsvene) kuitira ruregerero, kana kanganyirwo, yezvivi. Kuburikidza nerubhabhatidzo neuyo anemvumo yehupirisita uye kuburikidza nokutambira Mweya Mutsvene, unozvarwa zvakare pamweya.

### Sei ndichifanira kuBhabhatidzwa?

Jesu Kristu akamisa muenzaniso kwatiri nokubhabhatidza kuti “azadzise kururama kwose” Mateo 3:15). Kana wabhabhatidzwa, unotambira ruregerero rwezvivi zvako (ona Mabasa Avaapostora 2:38). Unoita chibvumirano, kana vimbiso,

naMwari: unovimbisa kutambira Jesu Kristu seMuponesi wako, kuMutevera, uye kuchengeta mirairo Yake. Kana ukaita chikamu chako, Baba vako Vokudenga vanovimbisa kuregerera zvivi zvako. Kana wabhabhatidzwa nemvumo kwayo, zvivi zvako zvinogezwa.

Rubhabhatidzo runosanganisira kunyudzwa muviri wese kwechinguva chidiki mumvura. Aya ndiwo mabhabhatidzirwo akaitwa Jesu Kristu. Rubhabhatidzo rwokunyudzwa muviri wese chiratidzo chinoera chekufa, kuvigwa, noKumuka Kuvakafa kwaJesu Kristu; runomiririra magumo eupenyu hwako hwakare nemavambo eupenyu hutsva semuteveri waJesu Kristu.

### Sei Ndichifanira Kutambira Mweya Mutsvene?

Apo rubhabhatidzo ruchikugeza zvivi zvako, Mweya Mutsvene unokutsvenesa, kana kukuchenesa. Kana ukaramba wakate-

*“Jesu akapindura,  
Zvirokwazvo, zvirokwazvo,  
ndinoti kwauri, Kana munhu  
asingaberekwi nemvura  
noMweya, haangagoni kupinda  
muvushe hwaMwari.”*

**Johane 3:5**





ndeka kuzvibvumirano zverubhabhatidzo zvako, unokwanisa kuva neMweya Mutsvene uinewe nguva dzose. Vanhu vose vakanaka vanokwanisa kunzwa femero yeMweya Mutsvene, asi chete avo vanobhabhatidzwa nokutambira Mweya Mutsvene ndivo vane mvumo yeufambidzani Hwake nguva dzose nemuupenyu hwose.

**U**nokwanisa kudzidziswa  
nokutungamirirwa  
neMweya Mutsvene.  
“Munyaradzi, Mweya  
Mutsvene, uchatumwa  
naBaba muzita rangu, iye  
uchakudzidzisa zvose,  
nokukuyevudzirai zvose,  
zvandakareva kwamuri.”

**Johane 14:26**

Mweya Mutsvene unokubatsira kuziva nokunzwisisa chokwadi. Unopa simba nekurudziro yepamweya. Unokunyaradza munguva dzematambudziko uye unokutungamirira mukuita sarudzo. Unokwanisa kunzwa rudo nefemero yaMwari muupenyu hwako hwamazuva ose kuburikidza neMweya Mutsvene.

Kwaniso yako yokuwana chipo chitsvene ichi imire pakuteerera kwakwo kumirairo yaMwari. Mweya Mutsvene haukwanise kuramba uine avo vasingarami maererano nedzidziso dzaMwari. Vanorasikirwa nemukana we-

utungamiri nekurudziro Yake. Nguva dzose edza nesimba rako rose kuva unokodzera ufambidzani nenhungamiro yeMweya Mutsvene.

Unotambira Mweya Mutsvene mushure merubhabhatidzo. Muchisungo chinonzi **rusimbiso**, mumwechete kana kupfuura wevanehupirisita vanemvumo vanoisa maoko avo pamusoro pako. Vanokusimbisa kuva nhengo yeChechi uye vokuropafadza kuti utambire Mweya Mutsvene. Chisungo ichi kazhinji chinotora chinzvimbo mumusangano wechechi mushure shure merubhabhatidzo. Kana wabhabhatidzwa nekusimbiswa, unobva wava nhengo yeChechi yaJesu Kristu yaVatendi Vamazuva Ekupedzisira.

Manzwi ari muzvitsvuku anotsanangurwa pamapeji 18 ne19.

**Mweya Mutsvene unopiwa nokuiswa pamusoro kwemaoko.**





## Sakaramende

Mushure mekunge wabhabhati-dzwa, unokwanisa kuvandudza zvibvumirano zvako zverubhabhatidzo vhiki yoga yoga nokutora **sakaramende**. Munguva yemusan-gano wesakaramende, chingwa nemvura zvinoropafadzwa nokupiwa kugungano sechiyechidzo cheRudzikinuro rwaJesu Kristu. Chingwa chinomirira muviri Wake, uye mvura inomirira ropa Rake. Apo unovandudza zvibvumirano zvako zverubhabhatidzo, unovimbiswa kuti unozova neMweya, kana neMweya Mutsvene, uinewenguva dzose.

*Sakaramende inokubatsira kurangarira nerutendo upenyu, ushumiri, neRudzikinuro rwaJesu Kristu.*

## KUSHINGIRIRA KUSVIKA KUMAGUMO

Unova nhengo yeChechi yaJesu Kristu yaVatendi Vamazuva Ekupedzisira kuburikidza nerutendo muna Jesu Kristu, rutendeuko, nezvisungo zverubhabhatidzo nerusimbiso. Mushure mukenge wava nhengo yeChechi, unozoramba uchikura mukunzwisisa. Unozoramba uchishandisa rutendo muna Jesu Kristu, kutendeka, kuvandudza zvi bvumirano zverubhabhatidzo zvako nokutora sakaramende, uye kutevera nhungamiro yeMweya Mutsvene. Misimbote nezvisungo zvokutanga izvi zvevhangeri ndiyo nzira yokutevera nemuupenyu hwese. Chitsidziro choupenyu hwese ichi kazhinji chinodaidzwa kuti “kushingirira kusvika kumagumo.”

Kushingirira kusvika kumagumo kunounza gwara, runyararo, nerufaro kuupenyu. Unozonzwa rufaro rwekuedza kunyanya kuva saJesu Kristu apo paunoshandira nokubatsira avo vakakukomberedza. Unozonyatso nzwisisa ukama hwako naBaba vako Vokudenga nokunzwa rudo Rwavo rwakarurama kwauri. Unozonzwa tariro nekunzwa kuti unechinagwa munyika iyo kazhinji ine rusuwo nezvinetso.

*V*hangeri raJesu Kristu  
inzira youpenyu.

*“Munofanira kuenda mberi makabatisisa  
panaKristu, mune tariro yakakwana  
yakachena, norudo rwaMwari navanhu  
vose. Nokudaro, mukaramba muchienda  
mberi, muchidya mushoko raKristu,  
makashingirira kusvika kumagumo,  
tarisai, naizvozvo ndizvo zvinotaura Baba:  
Muchava noupenyu hwokusingaperi.”*

**2 Nefi 31:20**





## NDINGAZIVA SEI?

Vhangeri raJesu Kristu rakadzorerwa kuburikidza nezvakazarurwa zvakabva kuna Mwari kuenda kuMuporofita Joseph Smith nevamwe vaporofita.

Unokwanisa kuzvzivira kuti zvinhu izvi ndezve chokwadi nokubvunza Baba vako Vokudenga mumunamato. Vanozokupindura kuburikidza neMweya Mutsvene, uyo unodaizwawo kuti Mweya wa-Mwari. Mweya Mutsvene unopa umboo, kana unopupura, nezva Baba Vokudenga naJesu Kristu. Mweya Mutsvene unosimbisa chokwadi kuburikidza nemanzwiro, pfungwa, nefemero. Manzwiro anouya kubva kuMweya Mutsvene akasimba, asiwo kazhinji manyoro uye akanyarara. Sekudzidziswa kwazvakaitwa muBhaibheri, “Zvino chibereko choMweya ndirwo rudo, nomufaro, norugare, nomwoyo murefu, nomwoyo munyoro, nokunaka, nokutendeka, novunyororo, [no]kuzvidzora” (Vagaratia 5:22–23).

Manzwiro aya isimbiso kubva kuMweya Mutsvene kuti shoko rino ndere chokwadi. Unozofanira zvino kusarudza kana uchizorarama muruyanano nevhangeri raJesu Kristu sokudzorerwa kwarakaitwa kuburikidza naJoseph Smith.

### *N*dinonamata Sei?

- *Taura kunaBaba vako Vokudenga.*
- *Taura manzwiro emwoyo wako (rutendo, mibvunzo, zvikumbaro zvekusimbiswa kwechokwadi cheBhuku raMormoni nedzidziso dzevashumuri).*
- *Vhara (“Nemuzita raJesu Kristu, ameni”).*

## MUDORONGODZWA WEZVIREVO

**Chibvumirano** Chitenderano pakati paMwari nevana Vavo. Mwari vanopa zvifanirwo zvechibvumirano, uye isu tinobvuma kuVateerera. Mwari vanovimbisa mamwe maropafadzo pakuteerera kwedu.

**Chisungo** Chiitwa chinoera, chiripamutemo chinoitwa nemvumo yehupirisita. Mienzaniso inosanganisira rubhabhatidzo, kutambira Mweya Mutsvene, nesakaremende. Zvisungo kazhinji inzira yokupinda nayo muzvibvumirano naMwari.

**Nyasha** Rubatsiro nesimba zvitsvene zvinopiwa kuburikidza netsitsi nerudo rwaJesu Kristu. Kuburikidza nenyasha Dzake, dzakakwaniswa nokuda kweRudzikinuro Rwake, vanhu vose vanozomutswa kuvakafa. Kuburikidza nenyasha Dzake, avo vanoramba vachitendeuka nokurarama maererano nevhangeri Rake vachanzwa kuvapedyo kusingagumi naBaba vavo Vokudenga muupenyu huno nokurarama pamberi Pavo mushure moupenyu huno.

**Rubhabhatidzo** Nhanho inokosha mukutambira ruregerero rwezvivi. Kuburikidza nerubhabhatidzo nekusimbiswa nemvumo yehupirisita, tinova nhengo dzeChechi yaJesu Kristu yaVatendi Vamazuva Ekupedzisira. Rubhabhatidzo runoitwa nekunyikwa zvakazara, zvichireva kuti munhu arikubhabhatidzwa anonyudzwa muviri wose kwechinguva chidiki diki mumvura. Rubhabhatidzo runoratidza chido chedu chekutevera muenzaniso waKristu uye kuita zvibvumirano naMwari.

**Rudzikinuro** Chiitiko chinotikwanisa kuti tiyananiswe zvakare naMwari. Kudzikinura kutamburira chirango chechivi, nokudaro kunobvisa mhedisiro dzechivi kubva kuvatadzi vanotendeuka. Jesu Kristu ndiye chete aikwanisa kuita Rudzikinuro rwakarurama rwevanhu vose. Rudzikinuro Rwake rwaisanganisira kutamburira zvivi zvedu, kudeurwa kwerope Rake, uye rufu neKumuka Kuvakafa Kwake. Nokuda kweRudzikinuro, munhu wese akararama achamuka kuvaka. Rudzikinuro runotipawo nzira yokuregererwa zvivi zvedu uye kurarama nokusingaperi naMwari.

**Ruponeso** Rusununguro kubva kuchivi nerufu. Ruponeso runokwanisika nokuda kweRudzikinuro rwaJesu Kristu. Kuburikidza neKumuka Kuvakafa kwaJesu Kristu, munhu wese unozokwanisa kukunda mhedzisiro dzorufu. Tinokwanisawo kuponeswa kubva kumhedzisiro dzezvivi zvedu kuburikidza naJesu Kristu. Rutendo urwu runotaridzwa muupenyu hwerutendeuko nekuteerera kumirau nezvisungo zvevhangeri uye hwekushandira Kristu.

**Rusimbiso** Inzira munhu yaanotambira nayo Mweya Mutsvene. Muchisungo ichi, icho chinowanzo tora chinzvimbo mumusangano wesakaramende mushure shure merubhabhatidzo, munhu anosimbiswa, kana kuitwa, nhengo yeChechi yaJesu Kristu yaVatendi Vamazuva Ekupedzisira.

**Sakaramende** Chisungo chinoyeuchidza nhengo dzeChechi nezve Rudzikinuro rwaJesu Kristu. Nokutora sakaramende, tinovandudzwa zvibvumirano zvatinoita parubhabhatidzo. Chingwa nemvura zvinoropafadzwa zvopiwa kugungano. Chingwa chinomirira muviri waJesu Kristu, uye mvura inomirira ropa Rake. Chisungo ichi chinoitika vhiki yega yega mumusangano wekunamata unodaidzwa kunzi musangano wesakaramende.

## ZVIMWE ZVOKUDZIDZA

Mibvunzo nezvinyorwa zvitsvene zvinotevera zvichakubatsirai kudzidza zvimwe zvakawanda pamusoro pemisimboti iri muchibhuku chino nokufungisisa nezvayo. Mudorongodzwa wacho hausi wakazara; zvinyorwa zvinotsanangura zvepazasi nemajerero zviri mumagwaro matsvene zvinozokutungamirirai kunedzimwe ndima nemamwe mabhuku.

### **Vhangeri raJesu Kristu Chii?**

3 Nifai 27:13–22 (Bhuku raMormoni, mapeji 576–77)

---

---

---

### **Zvinorevei kuva nerutendo?**

#### **Rutendo runokwanisa kukupa simba sei?**

VaHeberu 11:1, 6 (Bhaibheri, Testamente Itsva)

Aruma 32:21, 26–28 (Bhuku ra Mormoni, mapeji 363–364)

Eta 12:6 (Bhuku raMormoni, peji 639)

---

---

---

### **Zvinorevei kutendeuka?**

#### **Sei munhu wese achifanira kutendeuka?**

Ruka 15:3–10 (Bhaibheri, Testamente Yekare)

Mabasa Avaapostora 3:19 (Bhaibheri, Testamente Itsva)

Aruma 12:33–34 (Bhuku raMormoni, peji 301)

---

---

---

**Sei munhu wese achifanira kubhabhatidzwa?**

Mabasa Avaapostora 2:38 (Bhaibheri, Testamente Itsva)

2 Nifai 31–32 (Bhuku raMormon, mapeji 141–43)

---

---

---

**Mweya Mutsvene Chii?**

**Mweya Mutsvene unokwanisa kuropafadza upenyu hwako sei?**

2 Nifai 32:5 (Bhuku raMormoni, peji 144)

3 Nifai 27:20 (Bhuku raMormoni, peji 576)

---

---

---

**Chinangwa chesakaramende ndechei?**

3 Nifai 18:1–12 (Bhuku raMormoni, peji 556)

Moronai 4–5 (Bhuku raMormoni, mapeji 652–20)

---

---

---

**Zvinorevei kushingirira kusvika kumagumo?**

2 Nifai 31:15–20 (Bhuku raMormoni, peji 142)

3 Nifai 15:9 (Bhuku raMormoni, peji 550)

---

---

---

## NAMATA NESU

HUYA UZOONA KUTI VHANGERI  
RAKADZORERWA RINOKWANISA  
KUROPAFADZA UPENYU HWAKO SEI



Musangano wesakaramende ndiwo musangano mukuru weku-namata. Kazhinji unotora nguva inopfuura awa zvishomanana uye nguva zhinji unosanganisira zvinotevera:

*Nziyo:* Dzinoimbwa negungano. (Mabhuku enziyo anopiwa.)

*Minamoto:* Inopiwa nenhengo dzeChechi dzemuwadhi imomo.

*Sakaramende:* Chingwa nemvura zvinoropafadzwa nokupiwa kugungano mukurangerira Rudzikinuro rwaJesu Kristu.

*Vatauri:* Kazhinji nhengo imwechete kana mbiri dzegungano dzinenge dzakasanosarudzwa nechakare dzinotaura pamisoro yenyaya dzevhangeri.

*Zvipfeko:* Varume nevakomana kazhinji vanopfeka masutu kana bhuruku rakanaka nehembe netayi. Madzimai nevasikana vano-pfeka marokwe kana masiketeti.

Zvipo hazvikumbirwi panguva yemisangano yekunamata.

Tinokukokawo kuti upinde mimwe misangano, maererano nezvido zvako nezera rako. Hurongwa nekuvapo kwemisangano iyi kungangosiyana siyana

*Chikoro cheSvondo:* Makirasi ekudzidza magwaro matsvene nedzidziso dzevhangeri.

*Misangano yeHupirisita:* Makirasi evarume nevakomana vanemakore gumi nemaviri kana kupfuura.

*Chita cheRubatsiro* Makirasi emadzimai ane makore gumi nemasere kana kupfuura.

*Vasikana Vechidiki:* Makirasi evasikana vanemakore gumi namaviri kusvika kugumi nemasere.



*Puraimari:* Musangano weboka nemakirasi evana vanemakore matatu kusvika kugumi nerimwe. Nesari yevana vanegore nemwedzi misere kusvika kumakore matatu kazhinji inenge iripo.

Nguva yemusangano wesakaramende: \_\_\_\_\_

Kero yechechi: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

# Chii Chandinofanira Kuita



- Verenga Bhuku raMormoni

Zviverengo Zvakapiwa: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

- Namata kuti uzive kuti Jesu Kristu ndiye Muponesi wako.
- Tendeuka uye namatira ruregerero rwezvivoi zvako. Edza nepose paunokwanisa kurarama maererano nemirairo yaMwari.
- Enda kuchechi.
- Gadzirira kubhabhatidzwa musu wa \_\_\_\_\_
- Enda ku [www.mormon.org](http://www.mormon.org) kuti udzidze zvimwe zvakanwanda pamusoro pevhangeri rakadzorerwa raJesu Kristu.
- Ramba uchisangana nevashumuri kuti udzidze zvimwe zvakanwanda pamusoro pezvokwadi zvakanzorerwa naMwari kuburikidza nevaporofita vemazuva-ano.

Dheti nenguva yokusangana kunotevera: \_\_\_\_\_

Mazita nenhamba dzerunhare dzevashumiri: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

CHECHI  
YAJESU KRISTU  
YAVATENDI  
VAMAZUVA EKUPEDZISIRA

[www.mormon.org](http://www.mormon.org)

#### Vanhu vakaita Mifananidzo

Kavha yekumberi kwechibhuku *Mvura Mhenyu* naSimon Dewey. © Simon Dewey, Usakopa  
Peji 2: Mufananidzo wakabva panei *Mharidzo pagomo*, naCarl Heinrich Bloch. Wakashandiswa nemvumo  
yeNational Historic Museum ku Frederiksberg mu Hillerød, Denmark.  
Peji 5: *Kristu Achimutsa Mwanasikana waJairosi* naGreg K. Olsen © Greg K. Olsen  
Peji 6: *Murapi Ane Mwoyo Munyoro*, naGreg K. Olsen. © Conceptions Unlimited Investments, Inc. Usakopa  
Peji 9: *Johane Mubhabhatidzi Achibhabhatidza Jesu*, naGreg K. Olsen. © Greg K. Olsen. Usakopa  
Mapeji 12, 16, 22, 23 naSteve Bunderson

© 2012 neIntellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzoro dziripamutemo dzekushandiswa  
kwechinyorwa chino. Chakadhindwa mu USA. Mvumo ye Muchirungu: 11/05. Mvumo yedudziro: 11/05.  
Dudziro ye *The Gospel of Jesus Christ*. Shona. 36951 731

SHONA



4 02011 98731 6

01198 731